



Kontra pou ekselans ak angajman konsènan efektivite salklas pou ane fiskal 2026

**Plan yo pwopoze pou ane
fiskal 2026**

Odisyon nan Brooklyn

16 jen 2025

Kontèks kontra pou ekselans (Contracts for Excellence, C4E)

- Yo te tabli lejislasyon C4E a kòm yon pati nan Bidjè eta 2007-08 yo te adopte dapre èd fondasyon (Foundation Aid) epi li egzije pou yo itilize yon pòsyon nan Foundation Aid an pou rezon espesifik ki limite.
- C4E egzije pou yo mete lajan sa a pou pwogram espesifik k ap amelyore pèfòmans elèv ki gen pi gwo bezwen nan edikasyon, ladan men pa sèlman, elèv ki limite nan lang anglè, elèv ki nan povrete ak elèv ki gen andikap.
- Nan lane 2022, yo te fè mizajou nan lejislasyon C4E a pou mete plis egzijans ki gen rapò avèk limit nan efektif salklas.

Kontèks kontra pou ekselans (Contracts for Excellence, C4E)

Yo dwe depanse lajan an sèlman nan inisyativ sa yo. Pou ilustrasyon, yo mete pi ba a egzanp pwogram yo dapre inisyativ, ke SED dwe apwouve.

- Plis lè pou ansèyman: “Tan pou fè Travay”. **Egzanp:** ane lekòl pwolonje, sipò akademik apre lekòl.
- Pwogram modèl pou elèv k ap aprann nan plizyè lang. **Egzanp:** ogmantasyon materyèl resous bileng nan bibliyotèk.
- Pre-kindergarten ak kindergarten tout jounen. **Egzanp:** ajoute klas (estaf anplis) ak/oswa depans ki gen rapò avèk aplikasyon Pre-kindergarten 4K tout jounen.
- Rediksyon efektif nan salklas. **Egzanp:** anboche/peye pwofesè pou salè pwofesè pou diminye nan pwopòsyon elèv/pwofesè (student/teacher ratio)
- Inisyativ kalite Pwofesè ak Direktè Lekòl. **Egzanp:** kreye yon pwogram ankourajman ki pa lajan kach pou bon kalite pwofesè pou anseye nan domèn ki gen gwo bezwen
- Rekonstriksyon lekòl presegondè/segondè. **Egzanp:** ogmante patisipasyon nan pwogram plasman avanse yo.
- Anplis, komisyone SED la ka otorize distri yo pou aplike pwogram eksperimantal. Yo dwe bay otorizasyon sa a avan aplikasyon an.
- Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou itilizasyon ak kondisyon ki elijib yo ou sitwèb NYSED la.
<https://www.p12.nysed.gov/mgtserv/C4E/htm/researchandguide.html>

Kontra pou ekselans (Contracts for Excellence, C4E) pou ane fiskal 2026

- **C4E ap gen yon ogmantasyon 286 milyon dola soti nan 802 milyon dola pou rive nan 1.089 milya dola pou ane fiskal 2026 la.**
- Sa gen ladan 241 milyon dola pou nouvo finansman pou ki la pou efektif salklas ki obligatwa nan ane fiskal 2026 la ak 45 milyon dola finansman ki deja egziste yo pral ajoute ofiamezi kòm C4E apati repatisyon efektif nan salklas ane pase a epi ke yo pral kontinye itilize pou efektif nan salklas.
- **Alokasyon 1.089 milya dola yo pwopoze nan ane fiskal 2026 la**
 - **San obligasyon - 487 milyon dola.**
 - Yo mete lajan sa yo pou lekòl epi yo ka itilize yo pou nenpòt objektif C4E ki kalifye selon volonte lekòl la. Direktè lekòl yo pral travay avèk Ekip Lidèchip Lekòl yo (School Leadership Teams, SLT) pou planifye itilizasyon lajan sa a pou ane lekòl 2025-26 la dapre kondisyon itilizasyon ki kalifye yo nan dyapozitif (slide) avan an. Yo ka chwazi chanje itilizasyon lajan an apati ane lekòl 2024-25 oswa yo ka kenbe pòs estaf oswa pwogram ki egziste deja ke yo te finanse pou ane lekòl 2024-25.
 - **Efò yo vize ak kenbe efò yo - 602 milyon dola.**
 - Yo mete lajan sa yo sou kote pou lekòl kòm sipò pou pwogram espesifik ki kalifye. Yo te chwazi lekòl k ap resevwa alokasyon yo dapre (a) bezwen jeneral elèv yo ak (b) dapre kapasite pou reyalize pwogram espesifik la.
 - **241 milyon dola – Nouvo C4E pou Obligasyon pou diminye efektif**
 - **\$45 Milyon – Obligasyon pou diminye efektif (kontinye)**
 - 183 milyon dola – Finansman ekitab elèv (Fair Student Funding, FSF)
 - 87 milyon dola – Salklas ko-ansèyman entegre (Integrated Co-Teaching, ICT)
 - 30 milyon dola – Pwogram Ete (MOE)
 - 9 milyon dola – Pre-Kindergarten tout jounen
 - 7 milyon dola – Pou salklas elèv ki gen otis

Repatisyon lajan yo pwopoze nan Vil la

Tip repatisyon	Kantite	%
San obligasyon (Lekòl yo decide jan y ap itilize l nan pwogram ki kalifye yo)	486,627,874 dola	44,70%
Nouvo C4E pou obligasyon pou diminye efektif (Objektif: Lekòl yo dwe fè depans yo pou rezon sa a)	241 137 541\$	22,15%
Fair Student Funding(Objektif: Lekòl yo dwe fè depans pou rezon sa a)	182 752 118\$	16,79%
Ko-ansèyman entegre (Integrated Co-Teaching, ICT) Lekòl yo dwe fè depans yo pou rezon sa a)	87 354 695\$	8,02%
Mize an plas pou diminye kantite elèv nan salklas (Plan: Lekòl yo dwe fè depans yo pou rezon sa a)	44 967 715\$	4,13%
Pwogram ete (Kenbe efò)	30 000 000\$	2,76%
Pre-kindergarten tout jounen (Plan: Lekòl yo dwe fè depans yo pou rezon sa a)	8 702 365\$	0,80%
Salklas pou elèv ki gen otis (Plan: Lekòl yo dwe fè depans yo pou rezon sa a)	7 110 664\$	0,65%
Total	1 088 652 972\$	100,00%

Repatisyon lajan yo pwopoze Brooklyn

Tip repatisyon	Kantite	%
San obligasyon (Lekòl yo deside jan y ap itilize l nan pwogram ki kalifye yo)	139,229,867 dola	45.34%
Nouvo C4E pou diminye efektivite salklas (Pou gwoup yo vize: Lekòl dwe depanse pou objektif sa a)	63,694,599 dola	20.74%
Finansman ekitab elèv (Fair Student Funding) (Vize: Lekòl dwe depanse pou objektif sa a)	52,446,870 dola	17.08%
Ko-ansèyman entegre (Integrated Co-Teaching, ICT) Lekòl dwe depanse pou objektif sa a)	25,012,040 dola	8.15%
Diminye ofiamezi kantite elèv nan salklas (Plan: Lekòl dwe depanse pou objektif sa a)	13,276,013 dola	4.32%
Pwogram ete (Kenbe efò)	9,222,120 dola	3.01%
Pre-kindergarten tout jounen (Plan: Lekòl dwe depanse pou objektif sa a)	3,289,206 dola	1.07%
Salklas pou elèv ki gen otis (Plan: Lekòl dwe depanse pou objektif sa a)	903,087 dola	0.29%
Total	307,073,802 dola	100.00%

Kòmantè piblik pou kontra pou ekselans

- N ap pran an kont kòmantè piblik la konsènan plan C4E a nan semèn k ap vini yo pandan n ap kontinye travay pou nou respekte obligasyon sa a.
- Delè pou piblik la voye kòmantè sou plan C4E a se 8 jiyè 2025.
- Edikatè, paran, ak tout lòt manm nan kominote Vil Nouyòk la ka voye kòmantè yo pa imèl nan contractsforexcellence@schools.nyc.gov

Plan pou redui efektif salklas

- Yo afiche yon **bouyon** plan an kòm yon pati nan pwosesis piblik Contracts for Excellence lan.
- Manm piblik la kapab bay opinyon atravè pwosesis sa a.
- Apre opinyon piblik la, NYCPS pral travay avèk sendika pwofesè ak direktè lekòl yo pou finalize plan an. Dapre lwa a, sendika sa yo dwe apwouve plan an avan yo finalize li.
- Plan an dekri règleman nan nivo lekòl ak règleman nan nivo santral.

Rezime bouyon plan pou diminye efektif salklas

- Plan an gen ladan:
 - Apwòch planifikasyon dapre bezwen lekòl pou ane lekòl 2025-2026 la, ki mande pou bay lekòl plis resous dirèkteman, tankou 241 milyon dola nan Contracts for Excellence ansanm avèk plis lajan pou vil la.
 - **Anviwon 750 lekòl te resevwa finansman pou anboche apeprè 3,700 *NOUVO* pwofesè**
 - Yo te devlope plan yo ansanm avèk avèk SLT yo dapre chak lekòl
 - NYCPS, United Federation of Teachers (UFT) ak Council for School Supervisors (CSA) te revize plan yo ansanm
 - Done ki montre **46% nan klas** atravè NYCPS yo te pi piti pase objektif yo pou ane lekòl 24-25 lan, plis pase 40% lalwa egzije pou ane sa a
 - Mizajou sou rezilta sondaj espas direktè lekòl la ak travay pou konvèti sal yo an espas pedagogik NYCPS prevwa ka lakòz gen **1500 plas anplis** nan lekòl ki pa gen espas pou yo ka satisfè sa
 - **SCA te elaji apwòch kapital la** pou respekte lwa sou efektif salklas ak bezwen efektif yo idantifye yo
 - Plizyè estrateji **pou sipòte rekritman ak kenbe pwofesè**, ladan yon nouvo District Point Pilot

Kòmantè piblik sou plan pou diminye efektif salklas

- N ap konsidere opinyon piblik lan nan semèn k ap vini yo pandan n ap kontinye travay pou respekte obligasyon sa a.
- Delè pou voye komantè piblik la se 8 jiyè 2025.
- Edikatè, paran, ak tout lòt manm nan kominote Vil Nouyòk la ka voye kòmantè yo pa imèl nan ClassSize@schools.nyc.gov